ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№96 (22.254) • 2012 гъэм накъыгъэм (майм) и 29, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

**Бэрэгъун М. Ч. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиI и артист» цIэ льапIэр фIэщыным и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Музыкэ гъуэзджэм и Iэнатlэм къыщихьа ехъулIэныгъэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиI и артист» цIэ льапIэр фIэщын **Бэрэгъун Марианэ Чылапий и пхъум** - уэрэджыIакIуэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2012 гъэм накъыгъэм и 24-м*
*№83-УГ*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и стипендиехэмкIэ эксперт советым хэтхэр къэщтэным и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

*2012 гъэм накъыгъэм и 2-м* *№38-РГ*

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и стипендиехэмкIэ эксперт советым хэтхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.
2. Мы унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм накъыгъэм и 2-м кыдигъэкIа унафэ №38-РГ-мкIэ къыщитащ*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и стипендиехэмкIэ эксперт советым хэтхэр

**Жамборэ В. С.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщlыр *(эксперт советым и унафэщIш)*

**Жылэ Б. Хь.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым и яп къуэдзэр *(эксперт советым и унафэщIым и къуэдзэщ)*

**Къарэмырэ Б. С.** - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессионалIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущlапlэм и ректорыр *(экспертым и унафэщIу)*

**Къарэмырэ Б. С.** - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессионалIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущlапlэм и ректорыр *(эзгурыIуауэ)*

**Щхьэгъэпсэ С. Хь.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрыр *(эксперт советым и унафэщIым и къуэдзэщ)*

**Дадэ М. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщlыр *(эзгурыIуауэ)*

**Жэрыкъуэ Б. Къ.** - Урысей Федерацэм Мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и министерствэм и «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ академие» профессионалIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущlапlэм и ректорыр *(эзгурыIуауэ)*

**Иуан П. М.** - Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и унафэщlыр *(эзгурыIуауэ)*

**Нэгъуей А. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм щIэныгъэмрэ профессионалIэ егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщlыр *(эксперт советым и секретарщ)*

**Рахаев А. И.** - «ГъэзджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институт» профессионалIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущlапlэм и ректорыр *(эзгурыIуауэ)*

**Тхъэгъэпсэ Хь. Къ.** - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессионалIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущlапlэм и Социально-гуманитар институтым философиемкIэ и кафедрэм и профессорыр *(эзгурыIуауэ)*

**Хъыжьрокъуэ С. Б.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министрыр

**Хьэшыр С. Ю.** - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессионалIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущlапlэм и кафедрэм и доцентыр *(эзгурыIуауэ)*

**Шестирублев С. Н.** - щIалэгъуалэ правительствэм и унафэщlым и къуэдзэр

**Гъэ къэс къызэрагъэпэщ «Кавказ джэгухэр» фестивалым зыхуэгъэхъэныкlымрэ ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щегъэкIуэкIыныкlмкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм гъатхэпэм и 27-м кыдигъэкIа Унафэ №22-РГ-мкIэ къыщитам, зэхъуэжьныгъэ хэлъхьэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

*2012 гъэм накъыгъэм и 10-м* *№39-РГ*

1. Гъэ къэс къызэрагъэпэщ «Кавказ джэгухэр» фестивалым зыхуэгъэхъэныкlымрэ ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щегъэкIуэкIыныкlмкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм «Гъэ къэс къызэрагъэпэщ «Кавказ джэгухэр» фестивалым и Iуэхукlэ» 2012 гъэм гъатхэпэм и 27-м къыдигъэкIа Унафэ №22-РГ-мкIэ къыщитам зэхъуэжьныгъэ хэлъхьэн икIи абы хэгъэхьэн Вербицкий А. И. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочиз лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и Аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьегъэщIылIа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(эзгурыIуауэ)*.
2. Мы унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен**

## Республикэм щыпсэухэм ящIэн папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж эжщмэ махуэмэ щолажьэ коррупцэм теухуауэ зэхьыбгъэ зэрыгъэхьэнкlэр.

Властым и лIыкIуэхэм яIыгъ къулыкъухэр я щхьэ Iуэхухlэ къызэрагъэсэбэным, лэжьыгъэм ехьэлIа, уголовнэ законодательствэр къызэрыкъэпащуам фыщыгъуазэмэ, а телефонхэмкlэ Администрацэм и лэжьакIуэхэм захуэзгъаазэ хъунущ. ХэГуцIыIу фщIыну фызытешныхь Iуэху гуэрхэм фытепсэлъыхьынымэ, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и лэжьакIуэхэм зыкъыфпащIэ зэрыхьыну телефоныр къэвгъэлъагъуэмэ зэфIэкIынущ.

ЦIыхухэм якабгъэдэкI дэтхэнэ хьабарри урысей законодательствэм къызэригъэувым тету зэхагъэкIынущ хабзэхъуэмэ, къэпщытакIуэ органхэм. Хъыбарыр къызыбгъэдэкIар хэIуцIу щIынукъым.

Телефонхэр: 8(8662) 47-17-79, 47-32-56.

# Къанокъуэ Арсен «Урысей зэкъуэтым» и Совет нэхъыщхьэм хахыж

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен «Урысей зэкъуэтым» и Совет нэхъыщхьэм аргуэру хагъэхьэжащ. Абы хэтхэр накъыгъэм и 26-м «Урысей зэкъуэтым» и XIII съездым къыщащтащ.**

СОВЕТ нэхъыщхьэм хэтынухэр цIыхуи 100-м нагъэсащ, ауэ абыхэм ящыщу 9-р зэкlэ хахакъым, парт лэжьыгъэм нэхъ зэфIэкIышхуэ къыщызыгъэлъэгъуахэр иужькlэ хагъэхьэжьн папщIэ. Ар партым зэрызиужьыну стратегиер зыубзыху, уставым рэ программэмрэ гъэзэщIэным, мы зэгухьэныгъэм иIэ пщIэр къэIэтыным телажьэ орган нэхъыщхьэщ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущlапlэмI.*

## Гъатхэ лэжьыгъэхэр и кIэм нагъэс

**Бахъсэн куейм хьэцIэпэщэр хэсэныр и кIэм щынагъэсащ. Мы илъэсым мыбы и мэкъумэшыщIэхэм нэхъыбэу трагъэщIащ нартыхумрэ сэхуранымрэ.**

РАЙОН администрацэм мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и къудамэм и Iэтащхьэ Мэрзшэнкъуэ Борис хьыбар кыIэрыдигъэщIамкIэ, хозяйствэхэри бэдзэнэдырылажьэхэри щIыгъэпщэрхэмрэ техникэхэмкIэ тэмэму кызэгъэпэщащ.

КIыщынэмыщIауэ, мы куейм хиубыдэ жылагъуэ зыбжанэм жыгыщIэу гектар 35-рэ щыхасащ. «Пхъэщхьэмыщхьэ е хадэжкI ирехъуи, дэ дяпэкIэ къэдгъэкIыр бэвагъкIи фIагъкIи гъуэгуанэ щIинаплъэхэм ефIэкIыну щытын хуейщ, арыншамэ щIым тедгъэкIуадэм и уасэр кыщIэтхыжыфынукъым», - жеIэ инэфащIым.

Мы зэманым бжьыхьэсэр къыщрохьаIа гъавэ щIапIэхэм агротехникэ хэжьыгъэхэр щокIуэкI. Гуэдзым, хьэпцIийм, зэнтхъым щхьэмыжь хьэлъэхэр къыпидзащ. Абыхэм уда екIужьжыщ зэран кIахъэмыхъуи папщIэ хущхьэхэр ирахьэлIащи, хьэсэхэр къабзэщ, псы Iагъуэ зыхуеинум хуэдизыр зэрадIэрыхьари нэрылъагущ.

ЖыгыщIэхэри гулъытэнщэ хъуакъым. Ахэр зэрыхасэуэ хущхъуэхэр траутхащ, иджыпстуи ткIийуэ я щытыкIэм кIалъопъ. Абыхэм дяпэкIэ къарит фейдэм елъытауэ, жыг хадэхэм я иджыри кIыхагъэхъуэну я мурадщ.

**ЖАНХЪУЭТ Зуэ.**

## Гъатхэ лэжьыгъэхэр и кIэм нагъэс

**Бахъсэн куейм хьэцIэпэщэр хэсэныр и кIэм щынагъэсащ. Мы илъэсым мыбы и мэкъумэшыщIэхэм нэхъыбэу трагъэщIащ нартыхумрэ сэхуранымрэ.**

РАЙОН администрацэм мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и къудамэм и Iэтащхьэ Мэрзшэнкъуэ Борис хьыбар кыIэрыдигъэщIамкIэ, хозяйствэхэри бэдзэнэдырылажьэхэри щIыгъэпщэрхэмрэ техникэхэмкIэ тэмэму кызэгъэпэщащ.

КIыщынэмыщIауэ, мы куейм хиубыдэ жылагъуэ зыбжанэм жыгыщIэу гектар 35-рэ щыхасащ. «Пхъэщхьэмыщхьэ е хадэжкI ирехъуи, дэ дяпэкIэ къэдгъэкIыр бэвагъкIи фIагъкIи гъуэгуанэ щIинаплъэхэм ефIэкIыну щытын хуейщ, арыншамэ щIым тедгъэкIуадэм и уасэр кыщIэтхыжыфынукъым», - жеIэ инэфащIым.

Мы зэманым бжьыхьэсэр къыщрохьаIа гъавэ щIапIэхэм агротехникэ хэжьыгъэхэр щокIуэкI. Гуэдзым, хьэпцIийм, зэнтхъым щхьэмыжь хьэлъэхэр къыпидзащ. Абыхэм уда екIужьжыщ зэран кIахъэмыхъуи папщIэ хущхъуэхэр ирахьэлIащи, хьэсэхэр къабзэщ, псы Iагъуэ зыхуеинум хуэдизыр зэрадIэрыхьари нэрылъагущ.

ЖыгыщIэхэри гулъытэнщэ хъуакъым. Ахэр зэрыхасэуэ хущхъуэхэр траутхащ, иджыпстуи ткIийуэ я щытыкIэм кIалъопъ. Абыхэм дяпэкIэ къарит фейдэм елъытауэ, жыг хадэхэм я иджыри кIыхагъэхъуэну я мурадщ.

**ЖАНХЪУЭТ Зуэ.**




### Иджыри иухуэнущ

**Ираным и мурадщ еIаIэнэгъэ Бушер иджыри зы атом электростанц щиухуэну. Иджыблагъэ абы лэжьэн щыщIидзащ а къэралым и яп АЭС-м.**

ЕIуанэ электростанцым и лъэщагъэр мегаватт 1000-м нагъэсыну я гугъэщ. А Iуэхум теухуауэ нэгъуэщI хъыбар гуэр Ираным и унафэщIхэм къатакъым. Зыри жаIэкъым АЭС-рэ зыухуэнум теухуауэ - яп атом электростанцым елэжьар Урысейрат.

Бушер АЭС-р 1974 гъэм ухуэн щIидзат Германием и «Kraftwerk Union A.G.» концерним. Урысейр абы елэжьыным теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ щыщIадзар 1992 гъэм щыщхьIум и 25-ращ. 1995 гъэм абы и яп энергоблокыр хьэзыр хъуащ.

МАГАТЭ-м и инспекторхэм я нэIэ щIэту Бушер АЭС-м лэжьэн щыщIидзауэ къатыгъэр 2010 гъэм щыщхьIум и 21-ращ - а махуэращ ядерно гъэсыныпхъэхэмкIэ реакторыр щауэгъдар. Ауэ и къару къызэрихьIэлажьэр ар щагъПыпщар 2011 гъэм накъыгъэм и 8-ращ.

### ЖимыIамэ нэхъыфIт

**Дунейпсо валютэ фондым (МВФ-м) и унафэщI Лагард Кристин Алыджыр зэрыт финанс кризисым теухуауэ тхьэмахуэм кьинсэлъам игъэгубжьащ а къэралым и политикхэр. А щытыкIэр нэхъри зэщIегъаплъэ Алыджым и парламент хэхьыныгъэр къызэрыблэгъам.**

- Африкэм и сабийхэр дэIэпыкlуэгъу куэдкIэ нэхъ хуэныкъуэщ Афинихэм щыпсэу Цыхуэхэм нэхьрэ. Алыджхэм налог яту загъэсэну и чэзу хьуат, - жиIащ Лагард Кристин, «Гуардиан» газетым интервью щритым. Алыджым мелард куэду ират кредитым и нэхьыбэр къзыгуПыщIын хуей хьур МВФ-рац. А Iуэхум къыпкlэуэ Евросоюзым абы пеубыд и бюджетым игъэкIуэщI ахъшэр ткIийуэ игъэмэщIэныр.

Алыджым и СИРИЗА зэщIэхъеенныгъэм и Iэтащхьэ Циприс Алексис кIыльат МВФ-м и унафэщIым и псалъэхэр пшэчынкIэ Iэмал имыIэу икIи кIыхьильхьащ ЕС-мрэ а фондымрэ зэращIылIа кредит зэгурыIуэныгъэ псоми кIару ямыIэжу кIалъытэн хуейуэ.

Накъыгъэм и 6-м Алыджым парламент щыхахат, ауэ абы и процент 70-р Евросоюзым кьыгуэкIыным и телъхьэу зэрыщытым и зэранкIэ, къэралым и правительствощIэ депутатхэм зэхагъэувэфакъым. Ар щхьэусыгъуэу хуохьу мэкьуауэгъуэм и 17-м еIуанэу парламентыр хахыжьным.

### Дыгъэм и инагъыр

**Японием и Лъэпкъ обсерваторием и щIэныгъэлIхэм яхуэзфIэкIащ Дыгъэм и хъуреягъыр зыхуэдизыр щыуагъэшцу кьаухутэну.**

Нобэр кьыдэсым ар еслъеяуэ Iуэху гугъуу щытащ, дыгъэ бзий гуащIэхэм я зэранкIэ абы и гъунэр кьыпхуэлъагурэтхьыми. Японием и щIэныгъэлIхэм кьагъэсэбэнащ тхьэмахуэ кIуам Дыгъэр зэрыщыту зэрыкъуиплъфар. Ар Азиемрэ Америкэ Ищхьэрэмрэ щыпсэухэм хуиту ялъэгъащ.

Апхуэдэм деж Мазэм Дыгъэр зэрыщыту хущIэхуэмэркъым, Мазэ щхьэфэр зэпхъырэ захуэкъыми. Абы кьыхэкIыну щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ дыгъэ бзийхэр куэдкIэ нэхъ щабэ хуауэ кьыдедз. Апхуэдэ бзийхэм «Бейтли и щыгъэкIэ» щIэныгъэлIхэр йоджэ. Мис ахэращ астрономхэм кьагъэсэбэнар Дыгъэм и хъуреягъыр зыхуэдизыр щыуагъэнщIу кьабжьын папщIэ. Профессор Сомо Мицумо зи Iэтащхьэ щIэныгъэлIхэм зэрагъэпщащ къэрал зыбжанэм «Бейтли и щыгъэкIэ» къыщахута бжьыгъэхэри, нэхьапIуэкIэ кьабжауэ щытахэри. Апхуэдэ щыщIэкIэ, ди Дыгъэм километр 1392020-рэ и хъуреягъыу къыщIокI.

### НОБЭ

t **ООН-м и мамырщIэкъуэлэжьакIуэхэм я дунейпсо махуэщ.**

t **ЗауэлI-автомобилистым и махуэщ.**

t Нобэм Федеративэ Демократ Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - Республикэм и махуэщ.

t Нигериемрэ демократиемрэ и махуэщ. 1999 гъэм накъыгъэм и 29-м илъэс 15-кIэ власт зыIэщIэлъа зауэлI залымэхъэхэм я тепщэнкъэм кIэ пратри, я Конституцэр зэфIагъэувэжащ.

t Найроби (Кениемрэ) щыщIэхэтынущ Дыкъэзыхъуреихь дунейр хъумэнымкIэ ООН-м и программэм зэныкъуэ хэт бэрэлахэм я комитетым и 119-нэ сессиер.

t Накъыгъэм и 29-м мэкъауэгъуэм и 15-хэм Женевэ (Швейцариемрэ) щекIуэкIынущ Сабийм и хуитныгъэхэмкIэ ООН-м и комитетым и 60-нэ сессиер.

t Накъыгъэм и 29-31-хэм Москва щекIуэкIынущ биотехнологиемрэ, мэкъумэщ, мэз, бдзэжьей хозяйствэхэм, ерыскъыхэкIым я IэнатIэхэмкIэ Урысейм Евросоюзымрэ зэдэлэжьэным теухуа VII дунейпсо симпозиум.

**Дунейм и щытыкIэнур:**

rmcteonovosti.ru» сайтым кьыдэритымкIэ, нобэ Налшык машIэу уэщх кьыщешхынущ, хуабэу мазэхуэм градус 21-23-рэ, жэщым градус 14-18 щыIэнущ.

Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 28-м, кьухъэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 37-м.

Хьэуам и псыIагъыр кьитIасэнущ процент 62-85-м.

*Пlалъэр зыгъэхьэзырар* **ГЪУЩIО Зарифи.**

### Лъэпкъ Iущыгъэ:

## Къыумылэжьар гъэкIуэдыгъуафIэщ.

# КъБР-м и Iэтащхьэр щIэпхъаджащIэхэм яуIам щIоупщIэ

• Дыгъуасэ

**Къанокъуэ Арсен щIэупщIащ дыгъуасэ и пщэрджыжьым щIэпхъаджащIэхэм яуIауэ сымаджэщым щIэль Бахъсэн район администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн. Абы и автомашинэм Кремен-чуг-Константиновскэ кьуажэм и Iэшэлъашэм къыщытеуащ. Сыжажэ Хьэсэн уIэгъэ хьуащ, ауэ езыр кьуажэ администрацэм и унэм нэсыфащ. Абы ирашри ар «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэмкIэ» район сымаджэщым ягъэгъуэлъащ икIи операцэ ящащ.**

*Сурэтыр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

РАЙОН сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Къарэнашэ Iэминат республикэм и Iэтащхьэм кьыжриащ операцэр тэмэму зэрекIуэкIар, район администрацэм и Iэтащхьэм и гъащIэм ущIытешынахьын зэрыщымыIэр. Кьанокъуэ Арсен сымаджэм жриащ икIэщIипIэкIэ кьыззэфIэувэжыну зэрригуапэр.

Бахъсэн муниципальнэ щынальэм и Iэтащхьэм зэрытеуар Кьанокъуэ Арсен зэрыщыту властым и бий щIэпхъаджагъэу кьилъытащ. «А бзаджэнаджэхэр - ахэр нэгъэущIу кьыпхуэлъытэнукъым - зыхущIэкъур зыщ - цыхухэр ягъэгужеину, езыхэр зыщщышынэ щымыIэу зыкъыщагъэхьуну араш. Абыхэм кьаруушхуэ зэрабгъэдэмыльыжыр нэрылъагъущ, ауэ щIэпхъаджагъэхэр иджыри зэхащIыхь. Дэ адэкIи делэжьынущ ахэр ди щынальэм игъэкъэбзыкIыным, - жиIащ Кьанокъуэ Арсен.

Администрацэхэм я Iэтащхьэхэу я лэжьэгъым щIэупщIэну къэкIуахэр Кьанокъуэ Арсен кьыхуриджащ нэхъ сакъыу щытыну, я закъуэу кьамыкIынхьыну. Апхуэдэу абы кьыгъэльэгъуащ щынагъуэнщагъэ кьызэгъэпэщынымкIэ адэкIи лэжьыпхъэхэм ятеухуауэ хабзэхъумэ органхэм ядэлэжьэнымкIэ Зэзыгъэуу советым и зэIущIэ икIэщIыпIэкIэ зэрыригъэжьауэкIыну. Апхуэдэу республикэм и Iэтащхьэм КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и пщэ ирилъхьащ, муниципалитетхэм я пашэхэр щэ зыпхымыкI автомашинэхэмкIэ, Iэмал зэриIэкIэ нэхъ псынщIэу, кьыззэригъэпэщыну.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущlапlэмI.***

## Ди къуэш республикэхэм

### Яп тхьылъыщыр дунейм кьытохьэ

АДЫГЕЙ. ***Адыгэ усакIуэ, прозаик, драматург, публицист Къуинкъуэ Налбий и IэдакъэщIэкIэхэр щыззэхуэхьэса, томи 8 хьу тхьылъхэм ящыщу 3-р дунейм кьытехьащ.***

ТХАКIУЭМ и щхьэгъусэ Къуинкъуэ Жанна яп тхьылъыщыр республикэм и Iэтащхьэ Тхьэкlуашэ Аслъэнджэрий иритащ икIи Налбий и творчествэм кьыхуищ гулъытэм папщIэ фIыщIэ хунащ. Ахэр урысыбзэкIэ Адыгэ тхьылъ тедзапIэм кьыщыдэкIащ. ЕплIанэ томри хьэзырыр - ар сабийхэм хухэращ. Илъэсым и кIэм иджыри тхьылъищ кьыдэкIынущ.

Республикэм гъуэзджэмкIэ щIыхь зиI и лэжьакIуэ Къуинкъуэ Налбий кьыззэралхурэ ильэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIэу томи 8 хьу тхьылъхэр еIанэгъэ зэуIу хьунущ.

### Сату IуэхущlапlэкIыузэIуах

***«МЕТРО Кэш энд Керри» дунейпсо хьэрычэтыщIэ компанием и сату щIыпIэ ящу Адыгейм кьыщыззэIуахащ. Республикэм и Iэтащхьэ Тхьэкlушынэ Аслъэнджэрий а Iуэхугъуэ гуапэм хэтащ.***

ТЭХЪУТЭМЫКЪУЭЙ куейм кьыщызэIуахэ а уэхуэныгъэм инвесторхэм еврэ мелуан 20-м нэблагъэ халъхьащ. Абы и фIыгъэкIэ лэжьыгъэ IэнатIэкIэ щыхуи 185-рэ кьызэрагъэпэщащ.

### Сом мелуани 3,5-рэ хухах

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Абазэкыт кьуажэм псы кIуапIэ уэхуэныгъэхэр мыгувэу и кIэм щынагъэсынущ. «Кьуажэм и социальнэ зыужьынныгъэ» федеральнэ программэм иткIэ иткIэ а Iуэхугъуэм сом мелуанищрэ ныкъуэрэ хухахащ.***

ГРУШКИНЭ жьылагъуэм и Iэтащхьэ Щхьэгъушэ Артур а Iуэхур ильэс кIуам и кIэм Темрезов Рашид щыIущам кьыхилъхьати, республикэм и Iэтащхьэм псым пыщIа гугъуехьхэр икIэщIипIэкIэ зэфIахыну КьШР-м капитальнэ уэхуэныгъэмкIэ и унафэщIым кьалэн щищIащ. Мыгувэу Абазэкьытым щыпсэухэр Къэрэшей-Шэрджэс санэпиднадзорым кьигъэувэ мардэхэм кьитIасэ псы кьабзэкIэ кьыззэрагъэпэщынущ.

### Мэкъумэшыщlэхэр йоужьэрэкI

***Къэрэшей-Шэрджэсым гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр еужьэрэкIыу зрагъэкIуэкI.***

ГЪАТХАСЭХЭМ ящыщу процент 72,5-р щым хагъэззэгъащ. КъШР-м Мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и министерствэм кьызэритамкIэ, нэгъабэ ельытауэ куэдкIэ нэхъ епIэщIэкIыу ар зэфIах. Жэгундэрэ гъавэзэкIыу процентри 101,6-м нэс трасащ, сэхурану процент 60,3-р, нартыхуу процент 84,4-р щым хагъэззэгъащ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

**Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм исхэм я социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ щIыхур псэун папщIэ 2012 гъэм и I кварталым нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейр зыхуэдизыр гъэувыным и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2012 гъэм накъыгъэм и 10-м* *№121-IIII*

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыпсэун папщIэ щIыхур нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейр зыхуэдизым и Iуэхукlэ» 2005 гъэм накъыгъэм и 8-м къыщта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм кьыхэрыхильхьам тету, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм исхэм я социально-демографие гуп нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ щIыхур псэун папщIэ 2012 гъэм и I кварталым нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейр зыхуэдизым и Iуэхукlэ щIыхур нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейр зыхуэдизыр гъэувын ику яту зы щIыхум тещIыхьауэ сом 4978-рэ, лжьэгъуэ ныбжьым итхэм - сом 5338-рэ, пенсионерхэм - сом 3925-рэ, сабийхэм - 4693-рэ хъууэ.

**Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl ГЕРТЕР Иван**

**Сабийхэм ядэIэпыкъуным теухуа республикэпсо щэбэт щIыхьэху егъэкIуэкIынымкIэ и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2012 гъэм накъыгъэм и 24-м* *№131-IIII*

2012 - 2013 гъэджэгъуэщIэм ирихьалIэу унагъуэ хуэмыщIахэм, бын куэд зиIэ унагъуэхэм ящыщ сабийуэ республикэм и курыт школхэм щIэсхэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етын мурадкIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Профсоюз организацхэм я зегухьэныгъэмрэ лэжьакIуэ гупхэмрэ я жэрдэмыр ядэIыгъын икIи сабийхэм ядэIэпыкъуным теухуа республикэпсо щэбэт щIыхьэху 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м егъэкIуэкIын.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщакIуэ органхэм, республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацхэм, мылькур зыбгъэдэлъым емылъытауэ, Iуэхущ Iапl эхэм, предприятэхэм, организацхэм чэнджэщ етын сабийхэм ядэIэпыкъуным теухуа щэбэт щIыхьэхэм хэтыну икIи зы махуэ лэжьапщIэр сабийхэм ядэIэпыкъуным теухуа республикэпсо щэбэт щIыхьэхэм и фондым халъхьэну.

3. Сабийхэм ядэIэпыкъуным теухуа республикэпсо щэбэт щIыхьэхэм хэтхэм сабий зиIэ унагъуэ нэхъ хуныкъуэхэм иратыжын папщIэ езыхэм я жэрдэмкIэ псапащIэ взносу халъхьэнур Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хэхъуэ Iыхьэм хуагъэхь «Урысей Федерацэм и субъектхэм я бюджетхэм налогхэм щымыщ я адрей хэхъуэхэр» 961 1 17 05020 02 0000 180 кодымкIэ «Федеральнэ казначействэм и органхэм Урысей Федерацэм и бюджет Iэнатlэхэр зэхуагъэкIуэжын папщIэ трагуашэ хэхъуэхэр» 40101810100000010017 счетым.

4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм (Тюбеев А. И.) хуэгъэувын сабийхэм ядэIэпыкъуным теухуа республикэпсо щэбэт щIыхьэхэм и фондым халъхьа ахъшIэр ар зратыпхъэхэм я спискэхэу республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацхэм къагъэхьахэм тету зы сабийм сом мини 2 хуэзэу тригуэшэну.

5. Муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацхэм чэнджэщ етын:

школакIуэхэм: сабий зеиншэхэм, адэанэм я жьауэм щIэмытыжу кьэна сабийхэм, сабий ныкъуэдыкъуэхэм, унагъуэ хуэмыщIахэм щыщ сабийхэм я адэ-анэхэу (сабийхэр зэзышэлIэжахэу) зэ тыгъуэу ахъшэкIэ зыдэIэпыкъунухэм я спискэхэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм егъэхьыныр къызэрагъэпэщыну;

ахъшэр къызэрыхахым кIэлъыплъныныр хуэр зратынухэм ятеухуа информацэр и зэманым егъэхьныжмкIэ жэуап зыбгъэдэхуэ щIыхур ягъэбедджылыну.

6. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Щыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и къэрал комитетым (Къумахуэ М. Л.) хуэгъэувын сабийхэм ядэIэпыкъуным теухуа республикэпсо щэбэт щIыхьэхэм зэрызыхуагъэхьэзырыр щIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ Iапl эхэм къыщагъэлъэгъуэныр къызэригъэпэщыну, абы кьрикIуахэр кьытырыргъэдэну.

7. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ итхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и апэ кьуэдзэ Жылэ В. Хь.

**Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl ГЕРТЕР Иван**

**● Къэрал къулыкъущIапIэхэм**

# «ФыкъызэплъэкI - дэ мыбдеж дыщыIэщ»

**Тюбеев Альбертрэ Агъуз Светланэрэ журналистхэм я упщIэхэм жэуап ират.**

Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм ильэсиIым щIигъуэу егъэлажьэ псори пщIэнщэу здэпсэльэфын телефон - **8-800-200-66-07.** Апхуэдэуи лей къызытехьэ ныбжьыщIэхэм дзыхь зрагъэз телефоныр - **8-800-2000-122** - махуэ кьэс упсалъэ мэхъу.

Накъыгъэм и 17-м пщэдджыжьым щегъэжьауэ пщыхьэщхьэ хъуху лэжьащ ныбжьыщIэхэм дзыхь зрагъэз телефоныр. Сабийхэм я хуитныныгъэмрэ яфI зыхъуэ Iуэхухэмрэ къызэрызэпаудым теухуа хъыбар щызэхуахьэс а Iуэхум фIащащ «ФыкъызэплъэкI - дэ мыбдеж дыщыIэщ».

Сыхьэти 9-м лэжьэн щIэзыдза Iэщ Iагъэлэ Iэмэрэ психологхэмрэ я деж щIыхьэри, Iуэхур тэмэму егъэкIуэкIын, фIэкIыпIэ имыIэу зыдэIэпыкъунхьэхэр къыхэгъэщын зэрыхуейр абыхэм жра Iащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альбертрэ** Сабийхэм я хуитныныгъэхэр хъумэныжмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ **Агъуз Светланэрэ.** БалигъыпIэ имыувахэр сытым дежи я нэIэ щIагъэтын зэрыхуейр, къыдэкIуэтей щIэблэм ятехьэ лейм теухуа хъыбар нэхъыбэ зэхухьэсыныжмкIэ мыпхуэдэ телефонхэр IэмалыпIу зэрыщытыр къыхагъэщащ унафэщIхэм.

Адэкlэ Iэщ Iагъэлэ Iэр я Iуэху иужь ихьащ. А махуэм зэпымыуу эжьа телефоныр 49-рэ къеуащ. Къэпсалъэхэм яхэтт адэанэхэмрэ сабийхэмрэ я зэхуаку къыдэхъуа зэгурымыIуэныгъэр ягъэзэкIуэжын папщIэ хэкIыпIэр психологхэм я деж къыщызыIыхьхэу ныбжьыщIэхэмрэ балигъхэмрэ, щытыкIэ гуэрым ихуагъэ абы къызэрикIын чэндджэщ хуэныкъуэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ, лей кьызытехьэ сабийм и гугъу къыхуащIыну хуей зэрыщытыр къызагъэщащ. Абыхэм я щIэныгъэ, щIэныгъэ щыщ, ари пыухыкIауэ щыIэ псалъэ ныбжьыщIэхэм я деж къыщыдыIыхьэ гуэрым ихуагъэ абы къызэрикIын чэнджэщ зыщыкIуэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ, щытыкIэ гуэрым ихуагъэ абы къызэрикIын чэнджэщ хуэныкъуэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ, лей кьызытехьэ сабийм и гугъу къыхуащIыну хуей гъунэгъуэхэмрэ щIыхугъэхэмрэ, нэгъуэщIхэрэ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, министерствэм нэхъыбэу къэпсэльэр зыхуей хуэмызэ бынунагъуэшхуэм щхьэкIэ гузавэ гъунэгъуэхэмрэ Iыхьлыхэмрэщ. Абыхэм жаIэрт щатIэгъэн, яшхын ямыгъуэту сабийхэр уэрамым зэрыдэтыр, е бынунэр псэупIэкIэ егъэлеяуэ гугъу зэрехыр. Iэщ Iагъэлlэм а махуэм Iэхаха хьыбархэм ящыщу 5-р нкIэщIыпIэкIэ зэфIэгъэкIын хуейуэ кьилъытащ комисэм. ИкIи накъыгъэм и 17-м аехр щыпсэу унэхэм кIуащ, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэр кьраГъэлыну. Адрейхэри дяпэкIэ я нэIэ щIагъэувэнущ.

Министерствэм кьрихьэжа Iуэхум теухуауэ гуныкъуэгъуэ нэхъыбэ яIэу кьыщIэкIащ ди республикэм и Нашашк кьалэм, Прохладнэ куейм щыпсэухэм. ИкIи Iэмал имыIэу зыдэIэпыкъун хуейкэм я деж щрагъажьэри, куей зэмылIэужьыгъуэхэм щыIэ центрхэм щылажьэхэр я гъусэу Iэщ Iагъэлlэр Iуэхум нужь ихьащ.

Мы телефоныр а махуэ закъуэм лэжьауэ аракъым, атIэ ищхьэмкIэ кьэдгъэлъэгъуа номеритIми махуэ кьэс фыпсалъэ хъунущ, дэIэпыкъуэгъу уэныкъуэхэм ятеухуа хъыбар евгъащIэу. Ар пщIэнэщэ, уи цIэ-унэцIэр къыумыгъэлъагъуэми хъунущ. КьыдэкIуэтей щIэблэм я псэукIэм, абыхэм я къэкIуэнум гуузлыуз хузиIэ дэтхэнэми и кьалэнщ аехр зыхэт бэлыхьым кьыхэшынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуфынуэхэм хъыбар ирагъэщIэну.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# ХьэрычэтыщIэ ныбжьыщIэхэм къахохъуэ

**Къэбэрдей-Балькъэрым и Бизнес-инкубаторым 2011 - 2012 гъэ еджэгъуэр екъулIэныгъэкIэ кьыззэрырихьэлIам теухуа зэIущIэ ирагъэкIуэкIащ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЬКЪЭРЫМ ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм и нэIэ тету ирагъэкIуэкI мы егъэджэныгъэхэр хуэунэтIащ ди республикэм и экономикэ зыужьыныгъэр ипэкIэ зыгъэкIуэтэ хъэрычэтыщIэ Iуэхухэм ныбжьыщIэ нэхъыбэ кьыхэшэнын.

ЕджапIэр кьыззэрауахамкIэ щыхьэт тхыльхэр цIыху 70-м ратыжащ. Аха хуэхьэзырщ бизнесым теухуа дэтхэнэ зы лэжьыгъэми. Абыхэм ядэлэжьащ ди республикэм и хьэрычэтщIакIуэхэу, мы Iуэхум елэжь щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр.

НыбжьыщIэхэр хьэрычэт Iуэхум льэныкъуэ куэдкIэ хуагъэхьэзыращ: иджырей Iуэху бгъэдыхьэкIэхэмрэ дуней псом кьыщагъэгъэсэфэн Iэмалхэмрэ, щхьакIуэхэм уаэрыщдэлIэжьэну щыкIэм, бизнесым и уэбзыукIэмрэ абы хэль щхьхэмрэ, нэгъуэщIхэмэ.

Бизнес-инкубаторыр ди щIыналъэм зэрыщылажьа лъэхьэнэм кьриубыдэу мыбы и дерсхэм екъулIэныгъэкIэ пхыкIащ щIалэгъуалэ 100 бжыгъэхэр икIи абыхэм ящыщ куэдым е зыхэм я Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр кьызэIуахыну хунэсащ. «Дыщыгуфыкlыпlхьэу щIалэгъуалэм яхэтщ мэкъумэшым, Iэщ, джэдкъаз гъэхьуным, сату хуэIуахуэщIэм, цIыхум Iуэхутхьбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр якъуэIэным дихьэхэр. Щэн хэлъхьэм бизнес инкубаторым кьарита щIэныгъэр абыхэм кьаэзэрыщхьэпэнэм», - кьыхагъэщащ зэIущIэм и кьызэгъэпэщакIуэхэм.

**ЖАНХЪУЭТ Зуэз.**

**● Дунейм и телъыджищэ**

**Нью-Йорк кьалэм (США) и пащхьэ ильэси 126-рэ хуэдэ кьитщ Хуитныныгъэм и фэеплыр. Архитектор Ханг Ричард и IэдакъэщIэкIэм метр 95-рэ и льагэгъщ.**

# ЕГЭ-м кърикIуахэмкIэ мыарэзыхэм папщIэ

**●Гу зылъытапхъэ**

УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм кьыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, Зыуэ щыт къэрал экзаменыр (ЕГЭ) 2012 гъэм зэрекIуэкIыну ягъэува хабзэр и лъабжьэу, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм республикэм и цIыхухэм хьыбар ярегъащIэ ЕГЭ-р зэрырагъэкIуэкIамрэ абы кьрикIуахэмкIэ мыарэзыхэм папщIэ Апелляцэ комиссэ зэрырагъэкIуэкIамкIэ.

ЕГЭ-р зэрекIуэкI хабзэм ипкъ иткIэ, экзаменыр зэрекIуэкIа щыкIэмкIэ е абы ипкъ иткIэ, хуагъэува баллхэмкIэ мыарэзымэ, абы хэтхэм хуитныныгъэ яIэщ апхуэдэ тхыль Апелляцэ комиссэм ягъэхьыну. А комиссэр хэплъэркьым кьыззэрапщитэ материалхэр (КИМ) зэрызэхэлъым е экзаменыр зытым хабзэр кьыззэрызэпиудам ехьэлIа Iуэхухэм.

Апелляцэ тхыль ятыну:

- экзаменыр зытар ар зэрырагъэкIуэкIамкIэ мыарэзымэ. Апхуэдэ тхыльыр экзамен нэужьым, аудиторэм укьыщIэмыкIыж щыкIэ, етын хуейщ Кьэрал экзамен комиссэм (ГЭК) ЕГЭ-р егъэкIуэкIынымкIэ и лыкIуэм;

- экзаменыр зытар абы кьрикIуа балл бжыгъэхэмкIэ мыарэзымэ, ЕГЭ-м кьрикIуахэр наIуэ кьыщыхьуа махуэм кьыщыщIэдзауэ лэжьэгъуэ махуитIым кьриубыдэу апхуэдэ тхыльыр епт хъунущ мы хэщIапIэм: Налщык кьалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 8, «Сабий хэмрэ щIалэгъуалэмрэ я творчествэмкIэ республикэ унэ» егъэджэныгъэ Iуэхущ Iапl э.

Апелляцэ комиссэр план убзыхуам тету лэжьэнущ.

**ТАМБИЙ Линэ.**

**●Бахъсэн куей**

# Iэмалхэр къалъыхъуэ

**Зеикъуэ дэт Щэнхабзэмкlэ унэр зэрызэрагъэпэщыжым Iэмалхэр къалъыхъуэ.**

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ щынэхъ ищхэм хабжэ жыларэуэм дежкIэ мыр узыгъэпIейтей Iуэхущ. Сыту жыпIэмэ, зэрыт щытыкIэ гугъуми емылъытауэ, нобэ а унэм щолажьэ кьыдэкIуэтей щIэблэм гъэсэныгъэ тэмэмрэ творческэ гупсысэрэ ягъэзэдэлъхьэным теГъощIа гупжьей куэд.

Щынагъуэ здэщыIэр кьхьаэ хьуа унашхьэрщ. Абы кьыхэкIыу щэнхабзэм и лжьакIуэхэм дерсхэр щаткIэ ямылейуэ сакъын хуей мэхъу: нэхъ тэмэму кьыхэна пэш зыбжанэр сыт щыгъуи къэгъэсэбэныжмкIэ хуей зэрыхъумлжьакIэр къэлъахъэ, ягъэхьэзыр нэгузыужь программхэм я Iыхьэ куэдыр щызэрагъэтIылъэкIри мащIэжым.

Iуэхум и щытыкIэр и нэкIэ зригъэлэгъуащ икIи зыдэIэпыкъупхьэхэм ящыщу кьыпытащ Къэбэрдей-Балькъэр Правительствэм и Унафэщl Гертер Иван. Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр мэгугъэ ремонт лжьыгъэхэм мыгувэу щIадзэну.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

## КъБР-м Зыуэ щыт къэрал экзаменымкIэ и Апелляцэ комиссэр зэрылэжьэну план-графикыр

**ЕГЭ-р щекIуэкI лъэхъэнэ нэхъыщхьэр**

| Экзаменыр щатыну махуэр | Экзаменыр | Экзаменым кьрикIуахэр КъБР-м наIуэ кьыщыщыхьыж махуэр | Апелляцэ тхыльхэр щыIэх махуэхэр | Апелляцэ тхыльхэм щыхэплъэ махуэхэр | Апелляцэм кьрикIуахэр Тестированэмкlэ Федеральнэ Центрым (ФЦТ) щагъэхьыж махуэр |
|---|---|---|---|---|---|
| 28.05.2012 | Информатикэ, биологие, тхыдэ | 08.06.2012 | 09.06.2012 - 10.06.2012 | 11.06.2012 - 13.06.2012 | 14.06.2012 |
| 31.05.2012 | Урысыбзэ | 13.06.2012 | 14.06.2012 - 15.06.2012 | 16.06.2012 - 18.06.2012 | 19.06.2012 |
| 04.06.2012 | Хамэ къэралыбзэхэр, химие | 15.06.2012 | 16.06.2012 - 17.06.2012 | 18.06.2012 - 20.06.2012 | 21.06.2012 |
| 07.06.2012 | Математикэ | 20.06.2012 | 21.06.2012 - 22.06.2012 | 23.06.2012 - 25.06.2012 | 26.06.2012 |
| 13.06.2012 | Обществознание, физикэ | 25.06.2012 | 26.06.2012 - 27.06.2012 | 28.06.2012 - 30.06.2012 | 01.07.2012 |
| 16.06.2012 | География, литературэ | 27.06.2012 | 28.06.2012 - 29.06.2012 | 30.06.2012 | 01.07.2012 |
| 18.06.2012 | Хамэ къэралыбзэхэр, обществознание, биологие, информатикэ | 26.06.2012 | 27.06.2012 - 28.06.2012 | 29.06.2012 - 30.06.2012 | 01.07.2012 |
| 19.06.2012 | География, химие, литературэ, тхыдэ, физикэ | 27.06.2012 | 28.06.2012 - 29.06.2012 | 30.06.2012 - 01.07.2012 | 01.07.2012 |
| 20.06.2012 | Урысыбзэ | 27.06.2012 | 28.06.2012 - 29.06.2012 | 30.06.2012 - 01.07.2012 | 01.07.2012 |
| 21.06.2012 | Математикэ | 27.06.2012 | 28.06.2012 - 29.06.2012 | 30.06.2012 - 01.07.2012 | 01.07.2012 |

**ЕГЭ-р щекIуэкI етIуанэ лъэхъэнэр**

| Экзаменыр щатыну махуэр | Экзаменыр | Экзаменым кьрикIуахэр КъБР-м наIуэ кьыщыщыхьыж махуэр | Апелляцэ тхыльхэр щыIэх махуэхэр | Апелляцэ тхыльхэм щыхэплъэ махуэхэр | Апелляцэм кьрикIуахэр Тестированэмкlэ Федеральнэ Центрым (ФЦТ) щагъэхьыж махуэр |
|---|---|---|---|---|---|
| 07.07.2012 | Урысыбзэ, химие, информатикэ | 16.07.2012 | 17.07.2012 - 18.07.2012 | 19.07.2012 – 20.07.2012 | 21.07.2012 |
| 10.07.2012 | Математикэ, географие, хамэ къэралыбзэхэр | 19.07.2012 | 20.07.2012 - 21.07.2012 | 22.07.2012 | 22.07.2012 |
| 12.07.2012 | Обществознание, литературэ, физикэ | 20.07.2012 | 21.07.2012 - 22.07.2012 | 23.07.2012 | 23.07.2012 |
| 14.07.2012 | Биологие, тхыдэ | 22.07.2012 | 22.07.2012 - 23.07.2012 | 23.07.2012 | 23.07.2012 |
| 16.07.2012 | Ядж предмет псомкIи | 22.07.2012 | 22.07.2012 - 23.07.2012 | 23.07.2012 | 23.07.2012 |

# Таксир зэрылэжьэну хабзэхэр ягъэтэмэныж

**Хуит ямыщIауэ щIэныкIэ цIыхухэмрэ абыхэм яIыгъ хьатхэхэмрэ автомобиль псынщIэхэмкIэ кьыззэрыразэжьым папщIэ жэуапым зэрыращалIэ мардэу Административнэ кьуанщагъэхэмкIэ кодексым кьыщыгъэлъэгъуа мардэхэр кьагъэсэбэпу щыщIадзэнэр 2012 гъэм бадзэуэгъуэм и I-м нэс ягъэIэпхъуащ. Абы и щхьэусыгъуэр таксим и дэжьжIэм теухуауэ щIыналъэхэм щагъэуува хабзэ мардэхэр таксим теухуа Федеральнэ закон №69-м ирагъэзэгъыжыну зэрыхунэмысарщ.**

МЫ ЗАКОНЫМ, иджыпсту зэтеува щытыкIэр кьатыгъэри, зэхъуэкIынныгъэ зыбжанэ халъхьащ, апхуэдэу мардэ щхьэхуэхэр ягъэтэмэныжащ. ЯпэкIэ таксикIэ лэжьэну хуит ящIын папщIэ ятын хуей документхэр зыгъэуву щытар езы щыналъэхэрщ. Иджы ар федеральнэ законым пыухыкIауэ кьыщыгъэлъэтэгъуащ икIи а документхэм я бжыгъэм щIагъуну щыналъэхэр хуиткъым.

Таксиуэ лэжьэну зрагъэтхын папщIэ ятын хуей документхэр псори 5 хьуэ аращ. Абыхэм ящыщщ пщэIу тхыльыр, цIыхур зищIысыр кьэзыгъэлъагъуэ удостоверенэр, транспортыр зэратхамкIэ щыхьэт тхыльым траха копиер, юридическэ Iэнатlэхэм е щхьэзакъуэ хьэрычэт лэжьакIуэхэм я къэрал реестр зэгуэтым кьыхатхыкIар, транспортым и щытыкIэр кьыззэрапщытамкIэ тхыльыр. Етхуанэ документыр щыхьэт техъуэн хуейщ транспортыр лъэIур кьызыбгъэдэкIым есым ейуэ е бзджэнду кьигъэсэбэпыну хуиту зэрыщытым.

Цыхухэм кьабгъэдэкI лъэIуэм махищым кьринубыдэу хопльэ. Аэр гъэжьну хуит зэращIымкIэ, щхьэусыгъуэ пыухыкIакIэ хуит зэрамыщIымкIэ жэуапыр иратыжын хуейщ махуэ 30 нэхъыбэ дэмыкIыу.

Зы транспортым тещIыхьауэ хуит зэращI тхыльу ятыр зыщ, ари пыухыкIауэ щыхъуэхуэм е юридическэ Iэнатlэм хуатх. Нэгъуэщу жыпIэмэ, бэджэнду кьащта транспортым ирилэжьну хуит зэращIым кьыкIыркъым автомашинэр ипэжьыпIэкIэ зи мытыкуу щытым апхуэдэ Iэмал ирату.

АвтомашинэкIэ цIыхухэр кьришэкIыну хуит ящIам а Iуэхутхьбзэр щызэфIигъэкIыр УФ-м и субъектхэм ящыщу а тхыльыр кьезытам и щIынаплъэщ. Ауэ зэгъуэгъу щынальитIым зэгурыIуэныгъэ зэращIылIауэ щытмэ, таксикIэ лажьэхэм а щынальитIми цIыхухэр кьыщрашэкI хъунущ.

Федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр щыхьалтхъэм зыбжанэрэ зэныкъуэкъуащ таксомотрхэм ятеухуауэ. Тариф пыухыкIахэр кьыщагъэсэбэпын и деж ар ямыIэми хъуну кьалъытащ. Ауэ таксим и уасэр зэманымрэ гъэугъуэм и кIыхьагъымрэ тещIыхьауэ кьащтэмэ, апхуэдэ хъэрычэтыщIэхэм 2013 гъэм щIыщыIэм и 1-м щегъажьауэ таксометрхэр ямыIэу ядэнэкъым.

Апхуэдэу ильэсыщIэр къэсыху зыми паубыдынкъым автомашинэхэм я фэр мардэ гуэрым зэримытыр. Ди республикэр кьапщтэмэ, таксиэ псори зэфэгъуу щымытми хъуну кьалъытащ. Автомобиль псынщIэхэр таксиуэ кьыззэрагъэсэбэпым теухуа зыхуэфащэ щыналъэ хабзэ мардэхэм я проектым идкьпсту йолэжь КъБР-м Транспортымкlэ и министерствэр.

***КъБР-м Транспортымкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ Iанl э.***

# Ислъамым и щIэр

## Тепсэращ къытепхыжынур

● Уаз

**И нэ цIыкIунтIыр гуфIэжу къольындыкI, насыпыр и нэкIым щыгу ар къыпногуфIыкI. КъыпфIощI абы и псэм удз гъэгъа къыкIэнкIэрэ, къыбзэмэ къыпихыу. Сабийм и фIыгъуэ дыдэращ а ныбжьыр. Ауэ напIэзыпIэм а дахагъымрэ къабзагъымрэ зыIегъэхъэж абы. Сыт къэхъуар? Напэм къемыкIуу, укIытэгъуэ зыпылъу, жьэм врамыпэс хъуэн зыщIэлъ, фIеягъэ зыхэлъхэр и жьэ цIыкIум къыжьэдокI. Сабийгъуэм и Iэфагъыр дыдэ ещIыф абы и псалъэм, нетIэ хуэIа гугъэ дахэхэм ухущIрегъэгъуэж ар щыгъэхэпхIэ.**

УИ ГУМ щIэмыхьэжыпIэ Iэмал иIэкъым, псалъэкIэ ерагъкIэ зезыгъэсам, зыгуэр къыгурыIуэну иджыри нэмысам хъуэн псалъэхэр къыщIыжьэдэлъэлъкIэ. Ар зэхэзыхьа адэ-анэр е унагъуэм исхэр гуфIэжу абы щедалуэкIэ, ягъэщIагъуэу щагъэгушхуэкIэ, зи акъыл зэмыпщIа сабийр нэхъри тогушхуэри, псалъэ фIейхэмкIэ утыкур из къеущI. Мис ар хуэдэурэ, хабзэ хуохъури, и псалъалъэм химыдзыжьыфу къыхонэ. Абы и ужькIэ ар абы зэхеГэныгъуэфIэ хъунукъым. Утыку ихьэми гуп хыхьэми, зеIэхэр игъэуKIыгъэу, «вакъэ зэв» иригъэзыуэ мэхъу. Псом хуэмыдэжу, а псалъэ фIейхэр сабийм унэм кьихьа ныбжьэгъуэм, хамэу уи пIалъэ зымыщIэхэм, нэхъыжьхъэм щариутIыпщым и деж.

Шъэ зыхэмылъыжращи, «бгъэхъужьи нэхърэ узым зыщыпхъуэмэу нэхъ тынущ». Мы дунейм зыри химыщIыкIыу, псэлъэкIи имыщIэу къытехьа сабийм, езым кьигупсысыжакъым а жьыIэгъуэ Iейхэр. Ахэр зыгуэрым кьипсэлъу зэхихащ абы. Псом хуэмыдэжу жэщмахуэ имыIэу ар адэ кьугубжьам, анэ еээшам е зыри кьызыIэмыIуэху кьуэш нэхъыжьым кьажьэдэкIыу щыIэхихкIэ, ныбжьыщIэр дэнэ кIуэн - тепсэращ къытепхыжынур.

НтIэ, сыт абы и хущхъуэр? Сабийр зэрыбгъэсэжьынур и ныбжьым еIыхтауэщ. Ар зIыпIэсэ щымыIэмэ, япэ иIъэсхэм итмэ, щыгъащтэ кьыжьэдэжI псалъэ фIейхэм, тKIийуэ кьыгурыгъаIуэ зэрымыдэнур. ПхыгъэкI апхуэдэхэр кьипсэлъэмэ хуабжьу уи жагъуэ зэрыхъунур, укъыIэрыгубжьынур.

КъыкIэлъыкIуэу, «гъэшынэн-гъэхъуэпсэн- Iэмалым хуэкIуэ. Зыгуэрхэм зэрыхэбгъэжIыжынур кьеГащIи абыкIэ гъэшынэ е фIыуэ иIьагъу гуэрым щIэгъэхъуэпси, модрейр зэхиныну жеIэ.

Дин гъэсэныгъэрэ хуабжьу сэбэп мэхъу мыпхуэдэхэм дежь. Щыгъэшынэ Алыхьшхуэм и губжьым, и ныбжьым. Егъэхъуапсэ жэнэтым, хутепсэхъыхь абы иIьфIыгъуэхэм. КьеГащIэ Алыхьыр псоми зэрыщыгъуаззэр. ЖеIэ: «Алыхьым узэхех, а уи псалъэми ар кьитIэгубжьынущ».

Щапхъэ кьыхуэпхъуэ Iей ищIэр зэрымыдахэр кьыгурыгъаIуэ. Хьэл- щэн, емыкIу жьыхуаIэхэр абы кьышыгурыIуэн зэманкъым абдежьыр. Аращи, зыгуэрым ебгъэщхьэрэ, хуэбгъадэурэ кьыгурыгъаIуэ ищIэр зэрымыдахэр. Псалъэм папщIэ, жеIэ: «Уи щыгъыныр кьабзэу щытыну зэрыпфIэфIым хуэдэу, уи бзэрн кьэбзэн хуейщ». Зыхебгъэлъхьэну хьэлым е зыхебгъэнынум ехьэлIауэ хъыбар гуэрхэр кьыхуэIуэтэж.

А псом нужькIэ, сабийр кьомыдаIуэу, нэхъри ерыщ екIуэу гу лъыптэнкIэ хъунущ. Апхуэдэм деж, ар зэрыпфIэмыфIыр занщIэу кьызыпхъумыгъащ, уи губжьым гу лъымыгъатэ. Сабийр зыхуейр гу зыгъэгъэтэну, узэригупльпыну аращи, апхуэдэм щхьэкIэ гупльитэ зэрыхуэмышIынур кьегъащIэ, Зэрыгурыгъэгъуэщи, сабийм хэлъ хьэл мыхъумышIэхэм зэхуэмыдэурэ еIэзэн хуейщ, Iэмалхэр пхъэжьурэ. Зы махуэм и гугъу умыщI, зэхьымыхауэ кьызыщыгъэхъу. Адрейм гъэтIыси еущий. КъыкIелъыкIуэм зыгуэрхэм хэгъэкIыж. Апхуэдэу умыщIэ, псалъэ фIейуэ кьипсэлъым щхьэкIэ гупльитэ хуэпщIу, нэхъыбзэр уеIалIэу кьыгурыIуэнущ абы.

Балигъ гуэрым псалъэ фIей кьипсэлъу сабийм зэхихрэ ар игъэщIагъуэмэ, имыгъэдахэмэ, уэри занщIэу кьыдэщтэ и гупльитэр. Абдежьым ныбжьыщIэм хэпщэ пэжыр хэт нэхъри зэрыпнэхъ иныр, хэти щыуэнкIэ зэрыхъунур. «Мобы ещIэри мэхъыр-, жьыхуаIэ Iуэху епльыкIэр кьымыщIэну кьыхуэгъэуэш. Кьыхуэхъ абы кьимыкIуэтыжу щапхъэ зытрих хьуну цIыхур - Алыхьым и лIыкIуэ лъапIэр.

Аращи, уи сабийм и бзэр пэжкIэ, дахэкIэ, Алыхьым и псалъэкIэ гъэнщI. Апхуэдэу умыщIэ, пцIыр гуэныхькIэ икудэжынущ абы и жьэмрэ и псэмрэ.



●Ухуэныгъэ

## Налшык псыхъуэм дащIыхь

**Илъэсым зы мащIэкIэ щIигъуауэ аращ Брамтэ (Вольнэ Аул) пэмыжыжьэу Налшык псыхъуэм дащIыхь. Ислъам щэнхабзэ-еджапIэ хэщIапIэ нэхъыщхьэр ухуэн зэрыщIадзэрэ. А зэман кIэщIым къриубыдэу зэфIагъэуващ псэр зыщыгуфIыкI унэ екIуэхэр.**

УХУЭНЫГЪЭР Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и нэIэм щIэту йокIуэкI. ЗэрыфIщэжщи, дызэрыгушхуэу Налшык дэт Мэжджыт нэхъыщхьэр зи мылъкукIэ езыгъэщIауэ щытари аращ.

Нэгъабэ и гъатхэпэм ирагъэжьа ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр Тыркум щыщ «Акын Азай» ООО-м ирегъэкIуэкI. Псори зэхэту Ислъам хэщIапIэ нэхъыщхьэм гектаритху еубыд икIи абы хохьэ КъБР-м и Мусулымэнхэм я дин Iуэхущапlэр, Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетым и еджапIэ унэр, ректоратыр, тхылъ хъумапIэр, еджакIуэхэр щыпсэунур. Ухуэныгъэм текIуэдэнущ сом мелуан 200. А псори Ислъам щэнхабзэм, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм зегъэужьынымкIэ фондым кьыбгъэдокI. Иджыпстукlэ лэжьыгъэхэр пасэу яубзыхуа пIалъэм тету йокIуэкI.

Мыгувэу ухуэн щIадзэнущ цIыху мини 5-м зэуэ нэмэз щащIыфыну мэжджыт абрагъуэр. Ар егIанэгъэ хьэзыр хъунущ. Ислъам щэнхабзэ-еджапIэ хэщIапIэ нэхъыщхьэм и проектыр зыщIа МатIу Заур зэрыжиIэмкIэ, мэжджытыр тхыпхъэщIыпхъэхэмкIэ, абдж зэмыфэгъуэхэр зыхэлъ щхьэгъубжэхэмкIэ, адыгэхэмрэ балъкъэхэмрэ кьадэгъэзыгъурыкIуэ гъуэгуанэ щанхабзэмрэ кьызыхэщ нэщэнэхэмкIэ гъэщIэрэщIауэ щытынущ. Абы метр 35-кIэ зиIэтынущ, азэн джапIэм метр 65-рэ и лъагагъынущ.

Дин щIэныгъэншагъэм насыпншагъэ куэд кьыдокIуэ. Ар дэ зыхэтщIэну дыхунэсакIэщ. Ущыгугъ хъунущ Ислъам щэнхабзэ-еджапIэ хэщIапIэ нэхъыщхьэм лэжьэн щIидзэмэ, ныкъусаныгъэ зыкъом абы лъэныкъуэ иригъэзыну, щхьэж кьыхэзыгурыIуэм хуэмыдэу, зэрыщытым хуей дыдэм тету ди цIыхухэм мусулымэныгъэр зэрахьэнымкIэ сэбэп хъуну.

Ислъам щэнхабзэ-еджапIэ нэхъыщхьэм и ухуэныгъэр йокIуэкI.
*Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Лэскэн куей

## Iимамхэм я зэIущIэ

**Лэскэн куейм и жылагъуэхэм я Iимамхэм я зэIущIэ иджыблагъэ зэхэтащ. Абы къриубыдэащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусулымэнхэм я дин Iуэхущапlэм и унафэщIым и къуэдзэ Емкьуж Анзор, республикэм и кьадий Мисиров Хьэзыр, район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Бажэ Дотий сымэ.**

ЗЭIУЩIЭМ къыщаIэта Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Iимамхэр мэжджытым зэрыщылажьэмрэ цIыхухэм хуаIэ зэпыщIэныгъэхэмрэ.

- Ди дежкIэ иджыпсту нэхъыщхьэр ислъамым зегъэфгънырыпл. Абы пащIэ цIыхубэм я щапхъэу дэ дыщытыпхъэщ, Бегьымбар ЛъапIэмрэ кьыдэгъуэрыкIуахэмрэ ещхьу, - жиаIащ япэу псалъэ кьэзыщта Мисиров Хьэзыр. - Iимамым и лэжьыгъэр хьэдэ щIэлъхьэнымкIэ зэфIэкIыркъым. Ар цIыхухэм яхьыхьэн, Алыхьым кьытхуригъэха дин пэжыр абыхэм зэрапхигъэкIыным хущIэкъуи хуейщ.

Иджыпсту нэхъ дызыгъэпIейтейщ щIалэгъуалэм ящыщ куэд зэрагъэщхьэрыуэр. Абы пэщIэувэфын папщIэ кьызэхуэсахэм хэкIыпIэ тэмэму кьалытащ Iимам кьэс дэIепыкъуэгъуу щIалэ жыджэр иI. Iэн зэрыхуейр. Ар щIэх-щIэхъуэр щIалэгъуалэм яIущIэуэрэ ахэр иущиипхъэщ, ислъам диным и пэжыпIэр ягуригъэIуапхъэщ.

- Сыт дэ щIалэгъуалэм апхуэдизу щIыгъуасIэр? - жиаIащ Емкьуж Анзор. - Зи псэр кьабзэ, ислъам диным тетыну, абы хуэлэжьну хущIэкъу ныбжьыщIэхэр, ауэ зи акьыл иджыри мытIысахэр Iуэху мыщхьэпэхэмкIэ нэгъуэщIхэм кьедмыгъэгъэсэбэпын, гъэзэ нэпцIым тредмыгъэшын папщIэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусулымэн дин Iуэхущапlэм икIахэм кьыхагъэщащ Iимамхэм кьыхуагъэхъ унафэ пыухыкIахэр Iэмал имыIэу ягъэзэщIэн, цIыхухэр абы трагъэтын зэрыуейр. Абы и языныкъуэ IыхьэхэмкIэ мыарэзыхэри щыIэнкIэ хъунущ. Ауэ зыщыгъэгъупщэн хуейкъым ахэр Муслъымэн Iуэхущапlэм щIэсхэм я щхьэпыфIэфIагъкIэ кьагупсысауэ зэрырмыгар, атIэ а мардэхэр Алыхьталъм кьытхуигъэуваУэ КъурIэн ЛъапIэм иту кьытхуригъэхахэм зэрытещIыхьар. Диным и пэжыпIэм фIэкIыпIэншэу тетыныр щIыхуэхэм япхыгъэкIын хуейщ икIи ар нэхъыбэу зи пщэ къыдэхуэр абыхэм махуэ къэскIэ яхьыхь щIыпIэ Iимамэрщ. Дауи, тыншкъым ахэр эсэм кьытепшыну. Абы папщIэ хуэфэщэн акъыли, щIэныгъи, зышыIэныгъи дин лэжьакIуэхэм яхъыпхъыщ икIи ар къаэрэхьулIамкIэ Алыхьым и пащхьэм дэтхэнэми жэуап щихынущ.

КьищынэмыщIауэ, къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ диным ехьэлIауэ къагъэсэбэп псэуалъэхэмрэ мылъкумрэ приватизацIэ щIыным. Ар икIэщIыпIэкIэ зэфIэгъэкIын хуейхэм зэращыщыр къэпсэльхэм кьыхагъэщащ.

КьыдрагъэкIуэкIа псалъэмакъ щхьэпэм папщIэ Лэскэн район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Бажэ Дотий Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусулымэнхэм я дин Iуэхущапlэм къикIахэм фIыщIэ яхуищIащ. Абы жиащ щIыпIэ властыр сыткIи щIэгъэкъуэн хъуну зэрыхьэзырыр икIи лъэIущ нэхъыбэIуэрэ къахуеблагъэурэ цIыхухэм яхэпсэлъыхьыну, я ущие халъхьну.

● Егъэджэныгъэ

## Фокlадэм щегъэжьауэ

**Дин щэнхабзэхэм и къэжьапIэхэр щколхэм щегъэджэным теухуа псалъэмакъхэр нурхащ - фокIадэ мазэм щегъэжьауэ епIанэ классхэм щIэсхэм я дежкIэ, адрей предметхэми хуэдэу, ар фIэкIыпIэншэу щIынущ.**

АРАЩИ, гъэ еджагъуэщIэм щыщIэдзауэ «Дин щэнхабзэхэм я къэжьапIэмрэ светскэ этикэмрэ» Урысей Федерацым и школ псоми щрагъэджынущ. Ар зэрекIуэкIыну щыкIэр илъэситIкIэ къэралым и субъект 21-м щагъэзэнэкъуащ.

УФ-м ЕГъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и департаментым и унафэщI Низиненко Еленэ зэрыжиIэмкIэ, зэреджэну тхылъхэр, нэрылъагъу пособиехэр ягъэхьэзырахIэщ, егъэджакIуэхэм я Iэзагъыр хагъэхъуащ. Адэ-анэхэмрэ сабийхэмрэ зэгъусэу езыхэр зыхуей унэтIыныгъэр кьыхахащ. Нэхъыбэм траухуащ «Светскэ этикэм и къэжьапIэхэр» яджыну. Муслымэн, христэн, иудей, буддэ динхэр щхьэхуэу къыхэзыхахэри мащIэкъым. Дунейпсо дин нэхъыщхьэхэм я къэжьапIэр зэгъусэу зэзыгъэщIэну хущIэкъуэрэ кузд мэхъур. Абы щыгъуэми школакIуэхэм я предметхэмкIэ оценкэ хуагъэувынукъым - гъэсэныгъэр нэхъапэу кьалытащ.

Кавказ Ищхъэрэм и школхэм (Дин щэнхабзэхэм я къэжьапIэмрэ светскэ этикэмрэ» щезыгъэджэнкъэм я зэIущIэ иджыблагъэ Налшык щекIуэкIащ. Абыхэм лекцэ къахуеджахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусулымэн дин Iуэхущапlэм и лэжьакIуэ-хэри. «НэгъуэщIым зэрихьэ диным зыщыгъэгъуэзэныр сабийхэм гъэсэныгъэ яхэзыльхэ къудейкъым, атIэ зышыIэныгъи абы кьарет», - кьыхагъэщащ зэIущIэм хэтахэм.

Фигу кьэдгъэкIыжынщи, мы Iуэхугъуэр ипIэс зыбжанэ нэпкIэ дин лэжьакIуэхэм кьыхалъхьащ. Ар Урысей Федерацым и Правительствэм диIыгъащ икIи Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм пщэрылъ щиущIащ предметыр школ программэм хэгъэхъа зэрыхьэчыщыкIэм елтэжыну. Иджы 2012 гъэм и фокIадэм щегъэжьауэ къэралым и еджапIэ псоми «Дин щэнхабзэхэм я къэжьапIэмрэ светскэ этикэмрэ» щрагъэджынущ.

## Мэкъуауэгъуэм и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

| Махуэхэр | Пщэдджыжьыр | Дыгъэр къыщIэкIыр | Шэджагъуэр | Ичындыр | Аузэмыр | Жасыр |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1, мэрем | 3.57 | 5.27 | 13.14 | 17.18 | 20.39 | 22.19 |
| 2, щэбэт | 3.57 | 5.27 | 13.14 | 17.18 | 20.40 | 22.20 |
| 3, тхьэмахуэ | 3.56 | 5.26 | 13.14 | 17.19 | 20.40 | 22.20 |
| 4, блыщхьэ | 3.56 | 5.26 | 13.14 | 17.19 | 20.41 | 22.21 |
| 5, гъубж | 3.55 | 5.25 | 13.14 | 17.19 | 20.42 | 22.22 |
| 6, бэрэжьей | 3.55 | 5.25 | 13.14 | 17.20 | 20.43 | 22.23 |
| 7, махуэку | 3.55 | 5.25 | 13.15 | 17.20 | 20.43 | 22.23 |
| 8, мэрем | 3.54 | 5.24 | 13.15 | 17.20 | 20.44 | 22.24 |
| 9, щэбэт | 3.54 | 5.24 | 13.15 | 17.21 | 20.44 | 22.24 |
| 10, тхьэмахуэ | 3.54 | 5.24 | 13.15 | 17.21 | 20.45 | 22.25 |
| 11, блыщхьэ | 3.54 | 5.24 | 13.15 | 17.21 | 20.46 | 22.26 |
| 12, гъубж | 3.54 | 5.24 | 13.16 | 17.22 | 20.46 | 22.26 |
| 13, бэрэжьей | 3.54 | 5.24 | 13.16 | 17.22 | 20.47 | 22.27 |
| 14, махуэку | 3.53 | 5.23 | 13.16 | 17.22 | 20.47 | 22.27 |
| 15, мэрем | 3.53 | 5.23 | 13.16 | 17.22 | 20.48 | 22.28 |
| 16, щэбэт | 3.53 | 5.23 | 13.16 | 17.23 | 20.48 | 22.28 |
| 17, тхьэмахуэ | 3.54 | 5.24 | 13.17 | 17.23 | 20.48 | 22.28 |
| 18, блыщхьэ | 3.54 | 5.24 | 13.17 | 17.23 | 20.49 | 22.29 |
| 19, гъубж | 3.54 | 5.24 | 13.17 | 17.23 | 20.49 | 22.29 |
| 20, бэрэжьей | 3.54 | 5.24 | 13.17 | 17.24 | 20.49 | 22.29 |
| 21, махуэку | 3.54 | 5.24 | 13.17 | 17.24 | 20.50 | 22.30 |
| 22, мэрем | 3.54 | 5.24 | 13.18 | 17.24 | 20.50 | 22.30 |
| 23, щэбэт | 3.55 | 5.25 | 13.18 | 17.24 | 20.50 | 22.30 |
| 24, тхьэмахуэ | 3.55 | 5.25 | 13.18 | 17.25 | 20.50 | 22.30 |
| 25, блыщхьэ | 3.55 | 5.25 | 13.18 | 17.25 | 20.50 | 22.30 |
| 26, гъубж | 3.56 | 5.26 | 13.19 | 17.25 | 20.50 | 22.30 |
| 27, бэрэжьей | 3.56 | 5.26 | 13.19 | 17.25 | 20.50 | 22.30 |
| 28, махуэку | 3.56 | 5.26 | 13.19 | 17.25 | 20.50 | 22.30 |
| 29, мэрем | 3.57 | 5.27 | 13.19 | 17.25 | 20.50 | 22.30 |
| 30, щэбэт | 3.57 | 5.27 | 13.19 | 17.26 | 20.50 | 22.30 |

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусулымэнхэм я Iуэхущапlэм къыдитащ.*

● Iуэху щхьэпэ

## Псыхуабэ «стIол хъурей» къыщызэрагъэпэщ

**«Мусулымэн щIалэгъуалэм и гъэсэныгъэр - дыдэпылъыщIэ Iэмалщ» зыфIаща «стIол хъурей» Псыхуабэ (Пятигорск) щекIуэкIащ. УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и аппаратымрэ Ислъам щэнхабзэр, щIэныгъэр, егъэджэныгъэр дэIыгъыныкIэ фондымрэ я щIэныгъэкуэну ар кьызэригъэпэщащ Дунейпсо ислъам Iуэхущапlэм.**

«ЦIыхухэ! Зы цIыхухьумрэ зы цIыхубзымрэ дэ фэ фыгъэхуэдэу факьытедгъэхъуэ-кIащ икIи, фыдгъэбагъуэри, лъэпкъ куэд фытщIащ, фызэрыщIэнрэ фызэдэIэпыкъунрэ папщIэ» (сурэ 49:13). КъурIэн лъапIэм щыщ а псалъэ Iущхэр я тегъэщIапlэ хъуащ «стIол хъурейм» кьриIэхьапIэм.

ЗэлущIэм хэтащ кьэрал властым, дин, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, Кавказ Ищхъэрэм и еджапIэхэм я студентхэр. Я цIыкIуапхъэщ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и аппаратым и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэ **Акьбащ Асльэн**, Ислъам щэнхабзэр, щIэныгъэр, егъэджэныгъэр дэIыгъыныкIэ фондым и унафэщI **Сикорский Алексей**, Дунейпсо ислъам Iуэхущапlэм и президент, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Пщыхьэщ Шафихь**, Кавказ Ищхъэрэм и Мусулымэнхэм я Зэзыгъэулу Iэнатlэм и Iэтащхьэ **Бердиев Исмахыл**, Пятигорскрэ Черкесскрэ я епископ **Феофилакт** сымэ, нэгъэущIэмэ. КъБР-м икIауэ щыIэ зыгъэбыдэу Iуэхугъуэхэр апхуэдэхэм кьрадэзэхэрэкьым. Ахэр террористхэмрэ экстремистхэмрэ иужькIэ фIэгъэнапIэ щаухэхьу щыIэщ.

Доклад кьэлэмэт куэдым кьыщыгъэ бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэхэр «стIол хъурейм» хэтхэм зэхпкърахащ. Абыхэм япкъ иткIэ, мамырыгъэр, зэгурыIуэныгъэр, зым адрейм худитчыхьныгъэр зи лъабжьэ псэукIэм тетынымкIэ лэжьыпхъэхэр яубзыхуащ.

## Зызыукlыжам жыхьэнмэр кьыпоплъэ

● Абы дегъэпIейтей

**Нужьрей зэманым куэд хъуащ зызыукIыжхэм я бжыгъэр. ГущIыхьэм апхуэдизкIэ зэрыхьэн пэсугъуэ, ауэ иджыри зи акъыл зэрымыубыда ныбжьыщIэхэу зэрыщытыр.**

МЫ IУЭХУМ куэд егъэпIейтей. Дауэ кьызэрыбгъэувыIэнур гъащIэм Iэфlагъ лъэпкъ хэзымылъэгъуэж, зыбукIыжьын фIэкIа зыри нэгъуэщI хэкIыпIэ щымыIэжу кьызыщыхьу цIыхур? Пэжщ, гъащIэр кIуэ пэтми нэхъ хьэпъэгъуэрэ нэхъу, захуагъэмрэ пэжыгъэмрэ хэщI зэпытщ икIи абыхэм япэщIэтыгъуейщ. ЦIыхухэр нэхъ гущIыIэ зэхуэхъуауэ, зым и гукъеуэр адрейм кьыфIэIуэхужькъым, уеблэмэ мыпхуэрэ кьулыкъущ зыIэрагъэхэн папщIэ хьэдыгъуэдахэ куэд зылэжьыфынхэр ящIэкъым. Махуэ кьэсу зыIуэрэ гугъуехьхэмрэ псалъэмакъ мыщхьэпэхэмрэ ахэр къахьыхьэжа нужькIэ дунейм и Iэфlагъри мэкIуэд. Ауэ ари гъащIэщ, абыи хуэфэщэн Iэмалхэр кьыхуэгъэувын хуейщ. Араш Алыхь ІІІапIэм дыкъызыхуриджэр. Ди псэр кьыхэзыльхьэныи хэзыхьыжыну хуитыр Къытщхьэщытым и закъуэщ.

Иджыблагъэ Псыгуэнсу щекIуэкIа зэIущIэр теуухуэу щытащ кIуэ пэтми зызыубгъу зыукIыжыныгъэм. Абы испъ диныр зэрепльэр къагуригъэIуэну кьрагъэблэгъат Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусулымэн Iуэхущапlэм и унафэщIым и къуэдзэ Сыжажэ Алим.

- ЗыукIыжыныр гуэныхь нэхъ ин дыдэхэм хабжэ, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэм ар кьыхэкIами, - жиIащ Сыжажэм. - Бегьымбар ЛъапIэм жиIащ «Хэт гъащIэпкIэ зиукIыжами, жыхьэнмэ мафIэм хэтынущ гъущIыпэкIэ зиукIыжэнпту. Хэт щхьэхькIэ зигъэIами, абы щхьэхь кьэкIуэлъэр макъышхуэ иригъэщIу жьэдишэу жыхьэнмэм щигъэкIуэнущ. Хэт бгым зыщидзыжами, жыхьэнмэ мафIэм занщIу хэхуэнурэ кьыхэкIыжыпIэ зэн иIэнукъым».

ГъащIэр гъэхуэтыкIэ нэсщ. Абы и Iэфагъми дыджагъми зыдебгъэхьэхи уи гур иребгъэуди хьунукъым. ДинкIэ фIэщIхьэныгъэ, гъэсэныгъэ быдэ зыхэлъым кьыгуроIуэ апхуэдэ зышыIэныгъэм гуэа-щIэхэмэ дунеягъэкIи ахъ-рэткIи фIы кьызэрыпэкIэунур. Гуапэт Псыгуэнсу щекIуэкIа зэIущIэми кърихьэлIахэм хуэфэщэн дерс кьыхахыну. Абы кьикIыркъым мы кьуажэм зызыукIыжхэм я бжыгъэр адрейхэм нэхърэ щынэхъыбзу е Iуэхур щынэхъ шынагъуэу. Дэни ди Iуэхур щыхэпльэгъуэщ. Араш дызэкъуэгъуэу ди щIэблэр щIэтхъумэн хуейр, ар мы гъащIэ гугъум хэзэгъэнымкIэ тIъэкI ПсоригъэкIи щIэдзэжыпхъэр.

**НапэкIуэцIыр зыпхъэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.**

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Хъыбар гуапэ

Махуэ Билал



Урыш Анзор зи чэзу текIуэныгъэр къехь.

# Урыш Анзоррэ Махуэ Билалрэ Олимп Джэгухэм зыхуагъэхьэзыр

**Накъыгъэм и 25-27-хэм Санкт-Петербург щекIуэкIащ бэнэкIэ хуитымкIэ Урысей Федерацэм и чемпионат. Хэта спортсменхэм я лъэщагъкIэ ар дэтхэнэ зы дунейпсо зэпеуэми пэувыфынут. Абы щаубзыхуащ Урысей Федерацэм и цIэкIэ Олимп Джэгухэм хэтыну бэнакIуэхэм я цIэхэр. Къэрадым и чемпионатым щытекIуэу а щIыхь лъагэр къэзылэжьахэм ящыщщ Урыш Анзоррэ Махуэ Билалрэ.**

ЯЗЫНЫКЪУЭ бэнакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, ди къэралым и чемпионатым ущытекIуэну нэхъ гугъущ дунейпсо зэпеуэм нэхъ. Абы и щхьэусыгъуэр Урысей Федерацэм и Ипщэ лъэныкъуэм (Дагъыстэным, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Къабардей-Балъкъэрым) гъэсапIэ лъэщхэр зэрыщыIэрщ икIи зыми бжыпэр зэрырамытырщ. Хьэлэмэтращи, ди къэрал зэхьэзэхуэм пхыкIыфу дунейпсо утыку ихьам адэкIэ и Іуэхур нэхъ тынш мэхъур. Аращ Санкт-Петербург щекIуэкIа Урысей Федерацэм и чемпионатым апхуэдиз мыхьэнэ щIиIар. Мыбы щытекIуэм Іэмал иГъэтынут мыгувэу Лондон щыIэну Олимпиадэм хэтыну икIи медаль нэхъыфI дыдэхэм щIэбэныну.

Зэхьэзэхуэм кIэлъыплъыну Санкт-Петербург кIуат ди республикэм икIа куэд. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэхэр утыкум кьыхэрихьэу абыхэм я макъ лъэщхэмкIэ ахэр трагъэгушхуэрт.

Ящэ махуэм дэ хуабжу дрипIейтейуэ дыкIэлъыплъащ килограмм 74-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм. Абы щыбанэт Джэду Анияр. Ящэ зэIуцIэхэм адыгэ щIалэр тыпш дыдэу щытекIуащ. ГъэхутапIэ нэсыр ди лъахэгъум кьыщыпэплъэрт финалым и Іыхьэ плIанэм. Абы кьыщыпэщIэхуащ Европэм, дуней псом, Олимп Джэгухэм я чемпион Сайтиев Іэдэм. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, ди къэралым и командэ кьыхэхам и теирехэм нэхъ къащтэрт бэнакIуэ цIэрыIуэм текIуэныгъэр кьихьмэ. Судьяхэми ар пхагъэкIауэ кьыщIэкIынут. Дауи, ахэр щыгугъырт нэхъапэм текIуэныгъэ куэд кьэзыхьыфа Сайтиевым Лондон нэхъ Іэзэу зыкъыщигъэлъэгъуэну. АрщхьэкIэ Джэду Аниуар и мурадхэр нэгъуэщIт. И хьэрхуэрэгъуэм и лъэщагъми цIэрыIуагъми ар кьиГъэдзыхакъым икIи ерыщу пэщIэуващ. Апхуэдэу щыт пэтми, ящэ Іыхьэр Сайтиевым 1:0-у ихьащ. ЕтIуанэм, судьяхэм очкощ кьыхэрыратын хуей ІэмалкIэ, Аниуар и хьэрхуэрэгъур идзащ. АрщхьэкIэ зыри кьылъагъэсакъым. Абы иужькIэ зэрызехьэщхуэ къэхъуащ. Джэду Аниуар къыдэщIхэм, тренерхэм, уеблэмэ, язныкъуэ судьяхэм ткIийуэ къагъуэващ щIалэхэр зэрызэбэнам трахам псори зэгъусэу епхлъыжу унафэ тэмэм кьащтэну. АрщхьэкIэ... мыарэзыхэр ОМОН-м и лэжьакIуэхэм лъэныкъуэ ирагъэзащ.

ЕтIуанэ махуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым дыщэ медалу тIу кьытхуихащ. Ящэу утыку кьихьащ килограмм 84-рэ зи хьэлъагъхэр. Европэм тIэунейрэ и чемпион Урыш Анзор тыншу финалым и Іыхьэ плIанэм нэсащ. АдэкIэ абы кьыпэщIэтащ Дагъыстэным щыщ МагомедовАхьмэд. Ари ди щIалэм хигъэщIащ. Финалым и Іыхьэныкъуэм Урышым хьэрхуэрэгъу кьыщыхуэхъуащ Болтукаев Анзор. АрщхьэкIэ абыи адыгэ щIалэр иригъэкIуащ.

Дзампаев Алан абы дригъэкIуэкIа зэIуцIэр хуабжьу уэрэшхьэх хъуащ икIи 2:0, 4:3-уэ хигъащIэри, дыщэ медалыр зэрыхуэфащэр Махуэм псоми наIуэ ящищащ.

Арати, Санкт-Петербург щекIуэкIа бэнэкIэ хуитымкIэ къэралым и чемпионатым адыгэ щIалэхэм екъуалIэныгъэщхуэ щызэIэрагъэхьащ. Дыщэ медалиблым щыщу тIур абыхэм ялатысащ, дэтхэнэми доллар мин тхурытку щIыгъуу. Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам и тренер нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Гусейнов Магомед зэхьэзэхуэм нужьКIэ зэрыжиIамкIэ, зыпэмыплъа гуэрхэр кьэмыхъуэ (къащтэмэ, фбжь къамыхьмэ), къэралым и чемпионатым щытекIуахэращ Лондон щекIуэкIыну Олимпиадэм кIуэнур. Аращи, Урыш Анзоррэ Махуэ Билаарэ Олимп ДжэгуэкIэр къапэплъэу къэтэлъытэнщ. Псалъэм кьыдэкIуэу кьыхэдгъэщынщи, ди къэралым и командэ кьыхэхам абы щыщхэр ригъэхьэзырынур Іуащхьэмахуэ лъапэщ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

★★★

● Дзюдо



# Хьэбэчырым и «Тажышхуэ»

**ДзюдомкIэ «Тажышхуэ» зэпеуэр накъыгъэм и 27-м Звенигород къалэм щичхащ. Хамэ къэрал куэдым кьикIаэр зыхэта зэхьэзэхуэм Урысей Федерацэм щыщу текIуэныгъэр къыщызыхьыфар Хьэбэчыр Мурат и закъуэщ.**

ИДЖЫБЛАГЪЭ екIуэкIа Европэм и чемпионатым дыжьын медалитI кьыщызыхьа Хьэбэчыр Мурат вэсэмахуэ и дамыгъэ лъапIэхэм хигъахьауащ. Килограмм 73-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм щытекIуэри абы «Тажышхуэр» зыIэригъэхьащ.

Мурат иджыпсту лъэщ дыдэу зыкъегъэлъагъуэ икIи, и хьэрхуэрэгъуэр хигъащIэ зэпытуэ, Звенигород щыIа зэхьэзэхуэ иным и кIэух зэIуцIэм нэсащ. Уеблэмэ, финал ныкъуэм абы и Іэзагъ псори кьыщызэкъуохьну хунэсакъым - Монголием щыщ Ган Хьэбэчырым кьыщебгъэрыкIуэм и лъакъуэм зыкъыщIидзащ икIи, дзюдом и хабзэхэм ар зэрамыдэм кьыхэкIыу, зэпеуэм кьыхахуащ.

Финалым тыншу зэрынэсар Мурат абы гугъуехькIэ щипшыныжащ. Хьэрхуэрэгъу кьыхуэхъуа узбек Имамов Яхио и теплъэ кьудейм угъэшынэрт. АрщхьэкIэ Хьэбэчырыр абы зыкIи кьигъэдзыхакъым икIи зэбэнын зэрыщIадзэу очко бжыгъэкIэ ящи ящри, текIуэныгъэ дахэ кьыфIихьащ.

**ТЕМЫР Дисанэ.**

● Іэпщэрыбанэ

# ТекIуэныгъиплI

**ІэпщэрыбанэмкIэ «Dominator» зэхьэзэхуэ Индием и Нью-Дели къалэм щекIуэкIащ. Абы хэтащ а спорт лIэужьыгъуэм хуэIэзэ бэнакIуэхэу Индием, Урысейм, Алжирым, Нигерием, Суданым, Осетие Ипщэм, Таджикистаным я лIыкIуэхэр.**

IF-FCF-ММА-м и Урысей лъэпкъ къудамэм и унафэщI Къаныкъуэ Заур зи пашэ профессионал унагъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсмени 3 хэтащ: БжьыхьэлI Рустам (кг 60), Жэмыхьэ Руслан (кг 80), Хьуэт Залым (кг 90). ЗэIущIэхэр и кIэм намыгъэсу я хьэрхуэрэгъуэхэм ефIэкIри абыхэм текIуэныгъэр зыIэрагъэхьащ. Ахэр «Синдикэ-МэIуху» хьумакIэ Іуэхущ Іапіэм и лэжьакIуэщ.

Урысейм и профессионал лигэм хэтщ КъБР-м щыщ нэгъуэщI зы спортсмени. Ар килограмм 70 зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм зыщызыгъэлъагъуэ Къазий Заурщ. Адрей и лъахэгъуэми хуэдэу абыи бжьыпэр иубыдащ.

ТекIуэхэм медалхэр, сертификатхэр, кубокхэр, чемпион бгырыпхэр, турнирым и кьиэзгъэпэщакIуэхэм кьабгъэдэжI ахьшэ саугъэтхэр иратащ.

**УЛЬЯНОВ Татьянэ,**
*КъБР-м ІэпщэрыбанэмкIэI и федерацэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.*

*Прохладнэ куейм хыхьэ Альтуд кьуажэм щыпсэу Кьумыкьу Безрыкьуэ и ныбжьыр ильэс 90 зэрырикъуамкIэ дохьуэхьу*

● Хъуэхъу

Хэку зауэшхуэм и ильэсхэр зи нэгу щIэкIа хэкупсэ нэсым, сабий гъэсэным зи гуащIэ езыхьэлIа егъэджакIуэ Іэзэм, кьызыхэкIа лъэпкъымрэ кьыщыхьуа кьуажэмрэ хуэпэж щIыхь щыпкъэм, и унагъуэмрэ щIэблэмрэ щапхъэу, гъащIэ тыгъэу яIэ нэхьыжьыфI дадэ Іуэхуэм уи махуэщхуэмкIэ сынохьуэхьу! Уи узынщагъэмрэ гукъыдэжымрэ мыкIуэщIу, щIэныгъэм и гъуэгум тепша щIэблэм уи фIыр яIыятэу, уи пщIэр яIэту, жьыщхъэ махуэ узыхуэхьуа кьопщIэпщIэкI уи бынхэм уражьантIэдэсу, гурыфIыгъуэмрэ дзэрэзегъэмрэ зыхэпщIэу Тхъэм иджыри ильэс куэдкIэ утхуигъэпсэу!

*ПщIэ кьыпхуэзыщI Жэмбэч Рабия.*

# ЩIалэгъуалэм я гулъытэ

**Зауэ щекIуэкI Сирием кьикIыжу адэжь щIыналъэм кьэзыгъэзэжа ди хэкуэгъуэхэм ядэIэпыкъуну гупыж зыщIхэм я бжыгъэм хохьуэ.**

МЫ МАХУЭХЭМ Къэбэрдей-Балъкъэрым Жылагъуэ, дин зэгуфхэныгъэхэм я ІуэхуэмкIэ и къэралI комитетымрэ Налшык дэт Сату-технологиемкIэ колледжым щеджэ студентхэмрэ зэгъусэу концерт кьызэрагъэпэщ.

Зи гугъу тщIы къэралI комитетым и лэжьакIуэ Къаурэ Ратмир щыгъуазэ щызэрищIамкIэ, кьыхалъхьа Іуэхуэм и кьалэн нэхьыщхьэр гузэвэгъуэ кьызыгъэлъэсса ди лъэпкъэгъуэм я гуэрсэу кьыздашэжа сабийхэм концертхэмрэ нэгузыужь программэхэмрэ кьэпэжу ахьшэмкIэ, зы машIэу нэхъ мыхъуми, зыщIагъэкIуэнырщ.

- Дэнэ щыпIэ щыпсэуми ахэр ди кьуэщщ икIи ди кьалэнщ ахэр ди жылагъуэ гъащIэм хэшэныр, иджыпстукIэ нэхъ зыхущыщIэхэр кьэлъгъуэтыгъэу, дапэIэбэныр, - жеIэ Ратмир.

Сату технологиемкIэ колледжым и студентхэм ахъщэ зэхуахьэсащ. Абыкъэ сабийхэр зэрыдджэгун хьэпшыпэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьыхуащэхуну я мурадщ. Мы Іуэхуэм жыдджэру кьыхохьэ ди республикэм и адрей колледжхэри Іэщ Іагъэ щрагъэгъуэт училищэхэри.

Ди лъэпкъгъуэхэр пIалъэкIэ здэщыIэ Долинск и хьэщIэщхэмэ санаториехэмрэ щIыхэр зыхуеинэ гъэпсыну щагъуэт: щагъашхэ, зыщагъэпсэху, зы дакIикьи гулъытэнщэ щыхъуркъым. Уеблэмэ, абыхэм папщIэ адыгэ джэгуэрэи щIэх-щIэхыуэ зэхашэ. Іуэхуэр апхуэдэу щыт пэтми, куэд и уасэщ кьыддэкIуэтей щIэблэм я гур зэIухауэ, ди лъэпкъэгъуэм ядэIэпыкъуну хьэзыру утыку кьызэрихьар.

Концертхэм кьыщынэмыщIауэ, Сирием кьикIыжа сабийхэр ирагъэплъынущ зэхьэзэхуэхэмрэ джэгу-зэпеуэхэмрэ, адыгэ тхыдэр кьызэхуэ литературэмакъэмэ теплъэгъуэхэм.

**ГЪОСТЭН Муэ.**

# Хэкупсэ нэс

● Фэеплъ

**И щIалэгъуэу автомобиль зэжьэхэуэм хэкIуэда полицэм и лейтенант нэхъыщIэ Мэшыкъуэ Залым и фэеплъ мемориал пхъэбгъу Аруан куейм хьыхь Псыгуэнсу къуажэм дэт курыт еджапIэ №1-м накъыгъэм и 22-м кьыщызэIуахащ. Ар ягъэуващ хабзэкъуэмэ и лэжьэгъу-ныбжьэгъуэм я жэрдэмкIэ.**

ФЭЕПЛЪЫР кьыщызэIуахым хэтащ къэрал кIуэцI ІуэхуэмкIэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-майор Васильев Сергей. Ар кьыхэпIа еджакIуэхэм, егъэджакIуэ гупым, кьуажэ, район администрацэхэм я лIыкIуэхэм полицэм и офицерым и гъэзугуанэм яхутепсэльыхьащ.

- Мэшыкъуэ Залым кьулыкъым щыпэрта зэманым террорым пэщIэт Іуэхугъуэхэм, зэпэщIэувэнагъэхэм мызэ-мытIуэ хэтэщ, хабзэнчагъэкIэ зыщIэхуэзэда бзаджащIэ гупым хэтхэр Іэщэнэ щIыныжмкIэ кьалэнхэр зэфIихащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалъхъэм хабзэр щыгъэбыдэным хэльхьэныгъэ хуэщIащ, - кьыхигъэщащ министрым.

И пщэрыльхэр щапхъэ пылъу зэригъэзэщIам, щIэпхъаджагъэм, экстремизмым, террорым къэмылэнджэжу зэрыпэщIэтам, псэ зэпылъхьэпIэ я Іуэхугъуэхэм кьыщигъэльэгъуа хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ папщIэ Урысей Федерацэм къэралI кIуэцI ІуэхуэмкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД-м я унафэщIхэм мызэмытIэу гулъытэ кьыхуащIащ. Залым кьыхуагъэфэщащ «Жылагъуэ хабзэр зэрихъумэм папщIэ», «И хахуагъэм папщIэ» медалхэр.

Министрым щхьэхуэу фIыщIэ яхуищIащ Мэшыкъуэ Залым сыт и ІэныкъуэкIи щIэгъэкъуэну кьыкъуэта, и гугъуехьхэр кьыдэзыIыгъа и щхьэгъусэ Заринэрэ я кьуэр цIыхухъу, офицер нэсу зыгъэса и адэанэ Іэхьедэр Ритэрэ.

Хэкум и кьуэ, хэкупсэ нэс зыгъэса школым и егъэджакIуэхэми гулъыта яхуищIащ.

Полицэм и лейтенант нэхъыщIэ Мэшыкъуэ Залым и фэеплъыр кьыззэрызэIуахым теухуа Іуэхугъуэр школым и еджакIуэхэм я литературно-сценическэ композициэкIэ иухащ.

*Къэрал кIуэцI ІуэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ*

● КъБР-м и МВД-м къет

## Іэщэкіэ теуахэр къалъыхъуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ Іэнатіэхэм къалъыхъуэ дыгъуасэ щIэлIыжьым сыхьэти 8-рэ дакIикIэ 20-м Баксан районым и администрацэм и Іэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн Іэщэкіэ теуа бзаджащIэхэр.**

АБЫ УЭЗГЪИТI игъэтащ, ауэ дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, и узынщагъэр зэпIэзэрыгъ.

Следствиемрэ гупыр мэлажьэ.

Къэрал кIуэцI Іуэхуэмкіэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-майор Васильев Сергей и унафэкIэ «Вулкан-3», «Перехват» Іуэхугъуэхэр Бахьсэн куейм и щIыналъэм щокIуэкI. ЗэрыхуагъэфащэкIэ, бандитхэр кьэрал номерхэр зытемыльэ «Лада-Приора» автомашинэ хужьым исащ.

УФ-м и Следственнэ Комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Іуэху кьиIэтащ.

## Яп Іыхьэр йокIуэкI

**Хабзэм ебакъуэу Урысейм кьыхьэныр кьызэныудыным, хамэ къэралI щIыхуэм, гражданствэ зимыIэхэм Іэнхьэущащхьэу законодательствэр зэрагъэзащIэр кьэнщытным теуха Іуэхугъуэм и яп Іыхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ Іэнатіэхэм ирагъэкIуэкI.**

АБы инэ иткIэ хьащIэщхэр, общежитхэр, сымаджэщхэр, школхэр, псэупIэхэр, кьищыкъымащIауэ, хабзэм кьемызэгъуэ кьэкIуахэр щетIысэхьнкIэ хьуну щIыпIэхэр щIащыкI. Хьэуа, гъуэгу гъэпсыкIэ, транспорт Іуэхущ Іапіэхэм пост щIэхуэхэр щагъэуващ.

Лэжьыгъэм кьрикIуахэр 2012 гъэм и мэкъуаузгъэм и пщIэдджэм зэхалъхьэжынущ.

## Фадэхэкіым къуэтхъыкIэхэр

**КъБР-мкIэ МВД-м и лэжьакIуэхэм республикэм и кьуаж, спирт хьумащ, купаж цеххэм кьыщIэгъэкIыным, хьумным, щным я лъэныкъуэкIэ хуитыныгъэ ямыIэу фадэхэкI куэд кьыщагъэутащ; аркъэ зэмылIэужьыгъуэ щгъудкIэ 208 673-рэ; щагъар щгъудкIэ 309 642-рэ; ар кьыхуащIыкI материал литр 572 200-рэ; кунаж аркъэ литр 188 200-рэ; этил спирт литр 390 800-рэ.**

КъБР-мкIэ МВД-м экономикэ щынагъуэщIагъэмрэ коррупцэм ебэныныжмкIэ и Іуэхущ Іапіэм и унафэщI Заптий Хьэсэн щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, а предприятэм и Іэтащхьэм и Іуэхузехьэкіэм хабзэм кьемызэгъыу хьэрычэтыщIэ Іуэху зехьэным теухуа щIэпхьаджагъэ кьыхоу.

## И псэупIэм щихъумэрт

**Май къалэдэсым и псэупIэм полицейхэм Іэщэ къэзIыплъыгъэ куэд кьыщагъэуэтащ. Нэхьапэм суд зытрамыщIыхьа, 1956 гъэм къалэхуа щакIуэ-бдзэжьеиныр зэгухьанымрэ и унафэщIым ящхуэдизыр сыт и упэм щIыщихьумэр? Абы жуаеи езытынур следствэрщ.**

МАЙДЭСЫМ и псэуалъэм кьыщагъуэтащ: УЗРГМ-м зыщIыгъу РГД-5 гранатэ, и лIэужьыгъуэкIэ зэхамыгъэкIа кIэрахьэу, гын зэмылIэужьыгъуэ куэд, ТОЗ-78 фочым и шалъэ, ТОЗ-78 щакIуэ фоч, «Warmik» фоч, ТОЗ-34Р щакIуэ фоч, маркировкэ зытемылъ щакIуэ фоч. А псоми ятеуэуа зы дэфтэр иЇэтэкъым.

Кьытраха псори КъБР-мкIэ МВД-м и эксперт-криминалист центрым ягъэхьащ.

## Іэщэ кьытрах

**КъБР-м и хабзэхъумэ Іэнатіэхэм террор шынагъуэр гъэмэщIэным и лъэныкъуэкIэ ирагъэкIуэкI Іуэхугъуэм ящыкIитIу КъБР-мкIэ МВД-м Экстремизмым пэщIэтыныжмкIэ и центрымрэ Дзэлыкъуэ куейм кIэ МВД-мрэ я лэжьакIуэхэм Сэрмакъ къуажэм щыпсэуэм и упрэ къащащ. Хьэщхэр щрагъэблагъэ пэнэм Калашников автоматым и щалыгIэ, зыр мм 7,62 калибр щэ 14-кIэ, адрейр мм 7,62 калибр щэ 18-кIэ уэздауэ, апхуэдуи Іэщэ Іэмэнсымэу 50 кьыщагъэутащ.**

БЫСЫМЫР кьыщащым РГД-5 гранатэ кьыкъуахащ. Ар яубыдауэ, Іуэхур зэхагъэкI. Кьытрахахэр КъБР-мкIэ МВД-м и эксперт-криминалист центрым ягъэхьащ.

*Къэрал кIуэцI Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыIэм Хьэбабэрзэкъуэ экъмалгъуэ эмыщIэныгъэхэмкIэ и Іэнатіэ.*

КъБР-м и Тхаліуэкэ я союзыр Кьыщокьуэ Айтэч (Александр) Алим и кьуэм хуогузавэ абы и анэ Надеждэ Федор и пхъур зэрылIам кьыхэкIы.

**Редактор нэхъыщIхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

**Жылаэс Заурбэч** (редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬЖЭIмыхъу Маринэ** (редактор нэхьыщIхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэман Зализ, Кьардэн Маритэ, Хьжькьыкъарэ Алик.**

**КьыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхьыщIхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхьыщIхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIэхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьэныжкIэ - 42-60-53; къыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ писымохэмкIэ - 42-22-88; егъэджакIуэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; эдэхэкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэлъыр КъБР-м федеральнэ пошт эныныгъэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущ Іапіэм №Н-0065-м щIэту ятащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграфо» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэр:* жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Жылаэс Заур, корректорхэу Щхьэцэмыщ Иэз *(3, 4-нэ нап.)*, ПхытIыкI Юрэ *(1, 2-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэныкъуэгъу* Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэ яиIыну* Дол Марииз, Щомахуэ Марианн, *супрэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытредзэрэ сыхьэт 20-щ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.001 ● Заказ №1403